



TIZONNAY AK VYOLANS NAN LEKÒL

Tout fòm diskriminasyon ak vyolans nan lekòl se yon obstak pou dwa fundamental timoun ak jèn pou yon edikasyon dekalite. Vyolans nan lekòl e nan lòt kad akademik se yon pwoblèm mondyal e elèv ki pa konfòme yo ak estereyotip seksyèl e seksis ki domine nan sosyete a, tankou lesbyèn, ge, biseksyèl e transjan (LGBT) e elèv entèseksye yo, yo viktim anpil de sa. Komite dwa timoun

Nasyonzini, UNESCO, Oganizasyon Nasyonzini pou ledikasyon, lasyans e lakilti, ansanm ak Komisarya Alatèt dwa moun yo kondane tizonnay ak vyolans sou elèv LGBT e elèv entèseksye yo. Yo mande gouvènman yo fè plis jefò toujou pou batay kont pratik sa yo.

Kouman tizonnay ak vyolans nan lekòl manifeste ?

Vyolans kont omoseksyèl, vyolans omofòb ak vyolans transfòb, sible elèv LGBT yo oubyen elèv yo panse se LGBT. Li vize tou lòt elèv yo depi ekspresyon seksyèl yo pa koresponn ak sa sosyete a ap atann, pa egzanp gason sosyete a gade ki « gen jan fi » oubyen fi sosyete a gade kòm fi ki « gen jan gason ».

Vyolans omofòb e vyolans transfòb gen ladann vyolans fizik, seksyèl e sikologik, an menm tan ak tizonnay. Tankou lòt fòm vyolans nan lekòl, li ka manifeste l nan sal deklas yo, sou lakou rekreyasyon an, nan twalèt yo ak nan sal kote yo depoze rad lè yo pral fè espò, nan wout pou al lekòl, eksetera. Si kalite vyolans sa yo se sitou elèv ki fè yo, kapab gen vyolans tou ant anseyan ak elèv yo. Sa ka

rive tou nan mitan pèsònèl lekòl la, patikilyèman anseyan yo. Se kapab elèv yo, manm pèsònèl lekòl yo, oubyen estaf otorite responsab ansèyman yo ki fè zak sa yo. Ka tizonnay ak vyolans kont elèv LGBT yo rive pi souvan pase ka ki konsènen elèv ki pa LGBT yo. Pa egzanp, yon etid yo fè nan Nouvèl Zelann montre elèv lesbyèn, omoseksyèl e biseksyèl yo viktim tizonnay twa fwa pi plis pase elèv etewoseksyèl yo. Elèv transjan yo menm gen senk fwa plis risk pou yo viktim tizonnay.

Elèv ak manm pèsònèl ki pa adapte yo a sa sosyete a konsidere kòm “maskilen”, patikilyèman elèv omoseksyèl oubyen biseksyèl yo, tankou fanm ak fi transjan yo, se yo ki pi souvan viktim zak vyolans sa yo. Se ti gason ak jèn gason ki pi vit

komèt zak vyolans omofòb ak transfòb sa yo, men sa pa vle di tifi ak jèn fanm pa fè yo tou. Anpil fwa, elèv ak granmoun ki temwen vyolans omofòb ak transfòb yo pa reyaji. Tip vyolans sa a sòti nan kwayans kiltirèl ki chita nan jan yon sosyete konsidere de seks yo, nan ki sa ki “maskilen”, ki sa ki “feminen”. Se sa ki eksplike pi fò moun pa reyaji lè yo temwen vyolans sa yo.



Nan milye eskolè a gen lòt mwayen anba chal yo ka itilize pou fawouche elèv LGBT yo. Pa egzanp, ann pran ka kèk anseyan ou direktè lekòl ki deklare sèten sijè pi ale ak elèv fi oubyen gason, ou ak elèv ki gen yon oryantasyon seksyèl, yon idantite seksyèl, yon ekspresyon seksyèl ki ranfòse estereyotip pwogram anseyman an ap repwodwi. Konpòtman sa yo kapab ranfòse yon move vizyon moun ki LGBT yo, an menm tan l ap ranfòse prejije kont yo. Anpil fwa, se prejije sa yo ki dèyè zak vyolans omofòb e transfòb yo.

Tizonnay ak vyolans kont moun entèseksye nan milye eskolè a.

Gen mwens rechèch ki fèt sou risk moun entèseksye yo rankontre, men gen yon etid ki soti Ostrali ki montre timoun entèseksye yo plis ekspoze tou pou yo sibi tizonnay ak vyolans nan lekòl. Yo fè anpil tretman ak operasyon inital sou timoun entèseksye yo. Sa pwovoke doulè ak soufrans fizik e mantal ki pa piti. Anplis, tretman sa yo mande pou elèv yo manke anpil

tan lekòl, sa ki eksplike tou toujou gen mwens pami elèv sa yo ki rive konplete ansèyman segondè a pa rapò a tout popilasyon an.

Ki konsekans tizonnay ak vyolans nan lekòl genyen ?

Tizonnay ak vyolans nan lekòl gen konsekans negatif sou edikasyon elèv yo e chans pou yo jwen travay ; li afekte sante yo, anpeche yo gen kèpoze. Timoun ak jèn ki etidye nan anviwonman kote gen diskriminasyon oubyen ki viktim tizonnay ak vyolans pase yo panse yo se LGBT, gen plis chans pou yo santi yo an danje nan lekòl la, pou yo evite aktive eskolè yo, pou yo rate kou yo, pou yo absan pi souvan oubyen pou yo kite sa nèt, pou yo gen rezilta pi ba pase sa kanmarad yo. Pa egzanp, yon etid ki fèt Etazini montre 70% elèv LGBT yo pa santi yo an

sekirite nan lekòl, e 59% moun LGBT yo ki te patisipe nan yon ankèt an Chin deklare tizonnay la te anpeche yo travay lekòl. Elèv transjan yo patikilyèman vilnerab. Ann Ajantin, yon etid nan lane 2007 la, montre 45% elèv transjan yo kite lekòl, swa pase yo sibi tizonnay transfòb nan men kanmarad yo, swa pase yo sibi esklizyon nan men otorite responsab ansèyman yo. Yon etid ki soti Ostrali an 2015 montre 18% moun entèseksye yo pat fini ansèyman segondè yo alòske chif pou ansanm popilasyon an se 2%. Elèv ki jwenn rezilta eskolè enferyè

oubyen ki kite lekòl anvan yo fini gen mwens kalifikasyon, sa ki ap anpeche yo jwenn bon travay. Vyolans sa a kapab gen konsekans negatif tou sou sante fizik e mantal, e ogmante risk ki asosye ak angwas, estrès, mank konfyans nan lòt moun e nan tèt ou ak solitud. Li ogmante risk pou moun lan fè pwop tèt li mal, jis li rive nan swuisid. Etid ki soti Bèljik, Peyiba, Polòy, Etazini endike elèv ak jèn LGBT yo prezante 2 a 5 fwa plis risk pase kanmarad yo pou anvizaje swuisid e menm rive fè l.



Repons sektè Edikasyon an

Chak jou, plis moun ap rekonèt konsekans negatif tizonnay ak vyolans moun LGBT yo ak entèseksye yo ap sibi nan milye eskolè yo. Gen kèk peyi ki mete an plas kèk repons global pou kesyon sa a, men nan tout rejyon yo, pouvwa piblik yo pran mezi pou atake pwoblèm lan. Nan peyi Namibi, yon pwogram ki rele otonomi fonksyonèl la prevwa yon aprantisaj ak deba sou diferan tip seksyalite. Nan peyi Filipin, règleman aplikasyon lwa sou tizonnay yo gen ladan yo referans sou tizonnay ki chita sou oryantasyon seksyèl e idantite jan yon moun

chwazi. Nan peyi Etazini, ministè Edikasyon an pibliye règleman pou lekòl yo sou respè idantite jan elèv transjan yo.

Nan peyi Kolombi, ministè Edikasyon distri Bogota a mennen yon ankèt sou tizonnay omofòb nan etablisman ensèyman segondè yo. Peyi Malt adopte yon politik pou batay kont diskriminasyon ki konsène espesyalman sityasyon elèv transjan yo ak entèseksye yo nan lekòl yo.

KI MEZI KI POU TA PRAN ?

Leta yo :

- Asire yon swivi sistematik pou prevwa vyolans nan lekòl yo, patikilyèman vyolans ki chita sou oryantasyon seksyèl, idantite jan yon moun chwazi, ekspresyon seksyèl ak karakteristik seksyèl, e evalye mezi sektè edikasyon an pran nan domèn sa a.

- Elabore e aplike politik nasyonal global nan sektè edikasyon an pou prevwa, batay kont vyolans sa yo, e rete veyatif pou verifye pwogram eskolè yo pratike enklisyon.

- Bay anseyan yo ak lòt manm pèsònèl eskolè yo yon fomasyon pou prevwa e batay kont vyolans nan lekòl, espesyalman vyolans omofòb e transfòb e vyolans kont elèv entèseksye yo...

Ou menm, zanmi w ak tout lòt moun nou ka reyaji tou :

- Koute kanmarad LGBT ak entèseksye yo, chache konnen pwoblèm yo rankontre.

- Reyaji lè nou temwen nenpot ki fòm tizonnay, vyolans, jouman oubyen lonje dwèt ki fèt kont moun LGBT ak entèseksye yo.

- Toujou veye pou nou itilize yon langaj ki montre respè nou, e fè atansyon pou nou deziyen chak moun selon ekspresyon, pwonon, sèks ak non yo menm yo chwazi pou idantifye tèt yo.





Lekòl yo ak pèsònèl eskolè yo

- Veye pou elèv yo santi yo ansekirite, pou anviwonman a enklisif, akeyi tout elèv, san bliye elèv LGBT yo ak entèseksye yo.
- Bay elèv ak fanmi yo aksè pou yo jwenn enfòmasyon objektif a klè sou oryantasyon seksyèl, idantite jan an, ekspresyon seksyèl ak karakteristik seksyèl yo.
- Ofri anseyan yo yon resiklaj e yon sipò sou fason pou yo jere tizonnay ak vyolans kont elèv LGBT e entèseksye yo.
- Pran mezi pou konbat tout ka tizonnay, imilyasyon ak jouman kont elèv LGBT e entèseksye yo.
- Ofri yon sipò pou elèv ki viktim tizonnay ansanm ak tout fanmi yo.
- Bay bon egzanp : pa repete estereyotip negatif ki ka nwi moun LGBT ak entèseksye yo.
- Pou deziyen moun itilize ekspresyon, pwonon , sèks ak non yo menm yo chwazi pou idantifye tèt yo.
- Pa mansyone, pa bay enfòmasyon sou oryantasyon seksyèl, idantite jan yon moun chwazi oubyen entèseksyalite yon moun si li pa di li dakò.
- Mete sou pye patenarya ak òganizasyon lokal sosyete sivil la ak ansanm kominote eskolè a pou nou ka mobilize aksyon pou nou ka deziyen (idantifye, chwazi) kèk jou espesyal ki ta konsakre pou konbat diskriminasyon kont moun LGBT e entèseksye yo.

